


**CENTRAL ASIAN JOURNAL OF LITERATURE, PHILOSOPHY AND CULTURE**

**eISSN: 2660-6828 | Volume: 03 Issue: 10 Oct 2022**
**https://cajlpc.centralasianstudies.org**

# Problems of Teaching Korakalpok Literature

***Yusupov Konisbay Abılovich***
*Doctor of Pedagogical Sciences, Professor Nukus, the Republic of Uzbekistan and Karakalpakstan*

*Received 19th Aug 2022, Accepted 15th Sep 2022, Online 7th Oct 2022*

**SUMMARY**

In the process of globalization, our country has undergone significant changes in the field of education. Pedagogical schools improve the educational process based on modern technologies, create curricula, textbooks and teaching aids in accordance with the requirements of state educational standards, determine the optimal directions for updating the content of educational literature, using native and foreign scientific and theoretical knowledge. There is a need to improve aesthetic and methodological skills, to support strategies aimed at deepening students' knowledge.

**KEYWORDS:** method, teaching methods, methodological skills, writing, genres, cluster, vein diagram, insert, brainstorming, angles.

Жәҳәнде билимлендириўди раўажландырыў идеялары халық аралық шөлкемлер ҳәм раўажланған мәмлекетлер тәрепинен қабыл етилген 2030-жылларға шекемги жаңа тәлим концепциясында есапқа алынған. Бул педагогикалық оқыў орынларында тәлим-тәрбия процесин заманагөй технологиялар тийкарында жетилистириў, мәмлекетлик билимлендириў стандарты талапларына муўапық оқыў бағдарламаларын, сабақлықлар ҳәм методикалық қолланбаларды жаратыў, әдебиятты оқытыў мазмунын жаңалаўдың оптимал бағдарларын белгилеў, миллий ҳәм сырт ел тәжирийбелерден өнимли пайдаланыў, әдебий тәлимнинг илимий-теориялық әмелий, эстетикалық ҳәм методикалық тийкарлары жетилистирилип атыр пайда етти. [1.2.3.4.5.]. Усы көз қарастан улыўма орта билим бериў мектеплеринде қарақалпақ тили ҳәм әдебиятын оқытыў технологиясын жетилистириў, қарақалпақ әдебияты сабақларында инновациялық жантасыў тийкарында оқыўшылардың алған әдебий жаңалықларын талқылаў көникпелерин жетилистириў, теориялық билимлерин раўажландырыў тийкарында билим бериў сапасын жақсылаў сыяқлы мәселелер актуаль болып қалмақта [6.7.8.9.10.11.12.13.14.15.16.17.].

Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы бойынша тийкарғы түсиниклер, оқытыўдың принциплери, оқытыў методлары, сабақты шөлкемлестириў ҳәм оның түрлери, қарақалпақ әдебиятынан лирикалық, эпикалық ҳәм драмалық шығармаларды оқытыў усыллары, жазба жумыстың түрлери ҳәм баҳалаў өлшемлери, сабақтан тыс жумыслар, оқытыўдың интерактив методлары ҳаққында билим бериў үйренилди. Әдебиятты оқытыўдың әҳмийетли машқалалары бойынша алымлардың көзқарасларын салыстырмалы үйрениў талап етилиўи, методикалық-теориялық ой-пикирлердиң раўажланыў жөнелиси

© 2022, CAJLPC, Central Asian Studies, All Rights Reserved 

Copyright (c) 2022 Author (s). This is an open-access article distributed under the terms of Creative Commons Attribution License (CC BY).To view a copy of this license, visit https://creativecommons.org/licenses/by/4.0/

Volume: 03 Issue: 10 | Oct 2022, ISSN: 2660-6828

белгилеп берилиўи зәрүр. Әдебиятты оқытыў методикасында бирқанша методикалық ҳәм теориялық мәселелер бойынша педагог алымлардың мийнетлеринде методикалық пикирлер ҳәр тәреплеме билдирилген [18.19.20.21.22.23.24.25.26.27.28.29.30.].

Оқыўшылардың жас ҳәм психологиялық өзгешеликлерин есапқа алып, қарақалпақ әдебияты, туўысқан халықлар ҳәм жәҳән әдебиятының сайланды үлгилери менен таныстырыў арқалы олардың қәлбинде ўатанға сүйиўшилик, миллийлик, әдеп-икрамлылық усаған пазыйлетлерди қәлиплестириў. Оқыўшыларда ўатанға сүйиўшилик, миллий мийрасларды қәдирлеў сезимлерин оятыў, көркем шығарма ҳәм оның поэтикалық өзгешеликлерин үйретиў арқалы оларда сын көз қарас пенен пикирлей алыў көнликпелерин ҳәм уқыплылықты пайда етиў тийис [31.32.33.].

Оқыўшыларда еркин пикирлей алыў, дөретиўшилик қәбилетиниң пайда болыўы ҳәм раўажланыўы ушын имканият жаратыў, оларда ҳәр қандай руўхый жақтан саламат ҳәм күшли саўатлылықты пайда етиў, сөз өнери арқалы оқыўшылардың инсаныйлық идеяларын жетилистириў болып табылады [34.35.36.37.38.39.40.41.42.43.44.45.46.47.48.].

Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы бойынша оқыўшылардың билим ҳәм көнликпелерине төмендеги талаплар қойылды: әдебият теориясы, әдебият тарийхы ҳаққында түсиникке ийе болыўы, бағдарламадағы берилген әдебий материаллар бойынша әмелий көнликпелерди тереӊ ҳәм саналы түрде өзлестириў, өзлестирилген теориялық билимди, үйренген әмелий көнликпе ҳәм тәжирийбелерди әмелде қоллана билиў, алған билимлерин әдебияттаныў илиминиң тараўлары менен байланыстырып үйренип барыў, ҳәрбир сабақта билим ҳәм көнликпелерге ийе болыў тийис [49.50.51.52.53.54.].

Қарақалпақ әдебияты сабақлығының мазмуны бағдарламаларда көрсетиледи. Бағдарлама ҳәм сабақлықлар теориялық, методикалық ҳәм педагогикалық билимге ийе кадрлар тәрепинен дүзилиўи тийис. Әдебият пәни бағдарламасына киргизилген материаллар оқыўшылардың жас өзгешеликлерин есапқа алған ҳалда, тағы да тәрбиялық характерлерине қарап бериледи. Әдебияттан алынған материаллар сайланды материаллар болып, көркемлиги жағынан, тил өзгешелиги бойынша да, миллийлиги тәрепинен де оқыўшылардың психологиялық, педагогикалық талаплары есапқа алынған ҳалда ғана дүзилиўи керек. Қарақалпақ әдебияты пән бағдарламаларын дүзиўде төмендеги принциплер басшылыққа алыныўы зәрүр: 1.Бағдарламаға киргизилген әдебий шығармалар жоқары көркемлик, тереӊ идеялық ҳәм тәрбиялық тәсир жасаў принциплери бойынша таңлап алыныўы тийис. 2.Таңланған ҳәрбир әдебий материал оқыўшылардың жас ҳәм психологиялық өзгешеликлерине ылайық болыўы керек. 3.Бағдарламаға киргизилген жазыўшылардың дөретиўшилик шеберлигине дыққат аўдарыў зәрүр. 4.Теориялық материаллар оқыўшылардың жас өзгешелигине қарап жеңилден қыйынға қарап сайлап алыныўы тийис. 5.Пән бағдарламасында қарақалпақ әдебияты тарийхы бойынша тарийхый-хронологиялық принциплер шәртли түрде сақланыўы зәрүр. 6.Бағдарламада берилген жазыўшылардың дөретиўшилиги мектеплерде ҳәм лицейлерде қайталанбаўы лазым. Олар избе-излик принципи бойынша берилиўи керек. Бирақ 10-11-класлар ушын арналған әдебият бағдарламасы менен лицей оқыўшыларына арналған әдебият бағдарламасы арасында мазмуны жағынан байланыслық, сәйкеслик болыўы шәрт [6.7.56.57.58.59.60.].

Қарақалпақ әдебияты бойынша сабақлықларды дүзиўде төмендеги принциплер басшылыққа алынса мақсетке муўапық болады: 1.Бағдарлама ҳәм сабақлық арасында тематикалық жақтан қатаң сәйкеслик болыўы тийис; 2. Сабақлық дүзиўде бағдарламада көрсетилген темалар тийкарында әдебий материаллар сәўлеленеди. Бағдарламадағы ҳәрбир тема бойынша сабақлыққа материал таңланып, бул темаларға жобалар, тапсырма ҳәм сораўлар исленип шығылады; 3.Сабақлыққа киргизилген әдебий

© 2022, CAJLPC, Central Asian Studies, All Rights Reserved 

Copyright (c) 2022 Author (s). This is an open-access article distributed under the terms of Creative Commons Attribution License (CC BY).To view a copy of this license, visit https://creativecommons.org/licenses/by/4.0/

CENTRAL ASIAN JOURNAL OF LITERATURE, PHILOSOPHY AND CULTURE

Volume: 03 Issue: 10 | Oct 2022, ISSN: 2660-6828

материаллар бурын мектеп сабақлықларына киргизилген болса, оларды қайталаўға жол қойылмаўы керек; 4.Сабақлыққа киргизилген материаллардың тәрбиялық әҳмийети, сапасы ҳәм избе-излиги басшылыққа алыныўы зәрүр; 5.Сабақлыққа киргизилген материаллар бойынша жоба дүзилип, онда таяныш сөзлер, тапсырма ҳәм сораўлар, пайдаланылған әдебиятлар дизими берилгени мақсетке муўапық болады; 6.Сабақлықтағы материалларға дүзилген жобаға сәйкес ҳәрбир сораўға анық жуўаплар берилиўи шәрт. Тилекке қарсы академиялық лицейлер ушын арналған бағдарлама ҳәм сабақлықларды дүзиўде бул принциплер басшылыққа алынбағаны сезиледи [5.6.7.].

Академиялық лицейлер ушын арналған қарақалпақ әдебияты бағдарламасына киргизилген әдебий материаллардың сапасы ҳәм мазмуны мәмлекетлик билимлендириў стандарты талапларына жуўап бермейди. Бул мәселени "ХХ әсирдеги қарақалпақ әдебияты" пәни мысалында көретуғын болсақ, 2013-жылы дүзилген пән бағдарламасы менен 2018-жылы дүзилген пән бағдарламаларында берилген темалардың избе-излиги, сапасы, мазмуны ҳәм бағдарламаның дүзилиў принциплери бир-биринен өзгешеленип турады. Бул пикиримизди мысаллар менен дәлиллеп өтемиз. 2013-жылы дүзилген "ХХ әсирдеги қарақалпақ әдебияты" пәни бағдарламасында: "1920-30-жыллардағы қарақалпақ әдебиятына шолыў, Қ.Әўезов, Ә.Өтепов, С.Мәжитов, М.Дәрибаев, Н.Дәўқараев, екинши дүнья жүзилик урыс дәўириндеги қарақалпақ әдебиятына шолыў, А.Дабылов, С.Нурымбетов, урыстан кейинги (1946-60-жыллар) қарақалпақ әдебиятына шолыў, Ә.Шамуратов, Ж.Аймурзаев, С.Хожаниязов, К.Султанов, Т.Жумамуратов, И.Юсупов, Т.Қайыпбергенов, М.Сейтниязов, 1970-80-жыллардағы қарақалпақ әдебияты Т.Мәтмуратов, К.Рахманов, Ш.Сейтов, қарақалпақ әдебияттаныў илими К.Мәмбетов, С.Баҳадырова, Ғәрезсизлик дәўирдеги қарақалпақ әдебиятына шолыў, дүнья әдебияты үлгилеринен "Ҳалила ҳәм Димна" дәстаны, Мырза Ғолиб лирикасы, Омар Ҳайям дөретиўшилиги, Ш.Айтматов дөретиўшилиги, Р.Ғамзатовтың «Мениң Дағыстаным», Муса Жалил, Азиз Несин, Р.Токур, И.Крылов, А.С.Пушкин, Ж.Лондон, Э.Ҳемингуей дөретиўшилиги" ҳаққында темалар орын алған. [60, 10-20-б.]. Бағдарламадағы бул темалар орынлы берилген болып, оқыўшылардың әдебий - теориялық билимин тереңлестириў ҳәм әмелий көнликпелерин қәлиплестириў ушын үлкен әҳмийетке ийе. Биринширен, ХХ әсир қарақалпақ әдебиятына тийисли материаллар тарийхый хронологиялық принципте орын алған. Екиншиден, дүнья жүзилик әдебият ўәкиллериниң дөретпелеринен алынған үлгилер оқыўшылардың пикирлеў қәбилетин қәлиплестириў ҳәм олардың эстетикалық талғамын жетилистириў ушын хызмет етеди. Бул жыллардағы дүзилген бағдарламалар қойылған методикалық талапларға толық жуўап береди. Усы көзқарастан 2018-жылы дүзилген "ХХ әсирдеги қарақалпақ әдебияты" пән бағдарламасы менен салыстырсақ бир-биринен өзгешеленип турады.

Қарақалпақ әдебияты бағдарламасы Өзбекстан Республикасы жоқары ҳәм орта арнаўлы билимлендириў министрлигиниң жоқары ҳәм орта арнаўлы кәсип-өнер бағдарлары бойынша Муўапықластырылған кеңесиниң 2018-жылы 18-августтағы 4-санлы протоколы менен мақулланған ҳәм жоқары ҳәм орта арнаўлы билимлендириў министрлигиниң 2018-жыл 25-августтағы 744-санлы буйрығы менен тастыйықланған. Бул бағдарламада әдебият пәнине ажыратылған 368 саат болып, соннан теориялық саат 136, әмелий саатлар 136, өзбетинше саат 96 ажыратылған. Кесте тийкарында былайынша түсиндиремиз:

Академиялық лицейлерде әдебият бағдарламасында берилген материаллар салыстырмалы усылларда үйренилип, көркем материаллардың мазмуны дидактикалық таллаўға ҳәм эстетикалық тәрбияға жуўап беретуғын дәрежесинде болыўы зәрүрлиги анықланды. Қарақалпақ әдебияты бағдарламасында берилген материаллардың айырымлары бүгинги эстетикалық талапларға жуўап бермейтуғыны

© 2022, CAJLPC, Central Asian Studies, All Rights Reserved


Copyright (c) 2022 Author (s). This is an open-access article distributed under the terms of Creative Commons Attribution License (CC BY).To view a copy of this license, visit https://creativecommons.org/licenses/by/4.0/

Volume: 03 Issue: 10 | Oct 2022, ISSN: 2660-6828

анықланып, бул материалларға методикалық пикирлер айтылды. Мәселен, А.Бегимовтың «Балықшының қызы» романы, Т.Қайыпбергеновтың «Соңғы ҳүжим» романы, Ж.Аймурзаевтың «Айгүл-Абат» драмасы ҳәм басқа да көркем дөретпелердиң орнына дәўир талабына жуўап беретуғын әдебий материалларды киргизип, дәўир талабына жуўап бермейтуғын көркем шығармаларды бағдарламадан алып таслаў керек. Әдебият бағдарламасында берилген көркем дөретпелер оқыўшылардың руўхый дүньясын байытатуғын, олардың эстетикалық жақтан тәрбиялайтуғын әдебий материаллар болыўы тийис.

2018-жылы дүзилген пән бағдарламасында: “ХХ әсир қарақалпақ әдебиятына **(20 саат),** И.Юсупов лирикасы, Т.Қайыпбергенов дөретиўшилиги” (1-курс ушын), “ХХ әсир қарақалпақ әдебиятына **(42 саат),** Қ.Әўезов, С.Хожаниязов, И.Курбанбаев, И.Юсупов, Т.Қайыпбергенов С.Бахадырова” (2-курс ушын) қусаған темалар орын алған. [6, 8-12-б.]. Бул пән бағдарламасында берилген әдебий материаллар қойылған методикалық талапларға толық жуўап бермейди. Биринщиден, бул пәнге 1-курс ушын 20 саат ажыратылып, барлық саатлар тек И.Юсупов, Т.Қайыпбергеновлардың дөретиўшилигин үйрениў ушын арналған. Бул жерде ҳәрбир дәўирдиң өзине тән әдебий процесслери есапқа алынбаған. 1920-60-жыллардағы қарақалпақ әдебияты тарийхы туўралы мағлыўматлар берилмеген. Екиншиден, бул пәнге 2-курс ушын 42 саат ажыратылып, барлық саатлар Қ.Әўезов, С.Хожаниязов, И.Курбанбаев, И.Юсупов, Т.Қайыпбергеновлардың дөретиўшилигин үйрениў ушын арналған. Усы жерде және И.Юсупов, Т.Қайыпбергеновлардың дөретиўшилигин үйрениў ушын саатлар ажыратылған. Тилекке қарсы материаллардың орынсыз қайталаныўына жол қойылған. Үшиншиден, пән бағдарламасын дүзиўши авторлар тарийхый хронологиялық принциплерди дурыс басшылыққа алмай, методикалық жақтан үлкен кемшиликлерге жол қойған. Нәтийжеде пән бағдарламасы мәмлекетлик билимлендириў стандартына жуўап бермейди. Бул методикалық қәтелер XXI әсирде тәрбияланып атырған жас әўладтың қарақалпақ әдебияты тарийхын избе-из тереңнен түсиниўине көп зыянын тийгизеди. Усының себебинен пән бағдарламасына тийкарланып дүзилип атырған лицей сабақлықлары да сапасыз ҳәм мазмунсыз шығады.

Академиялық лицейлер ушын арналған “ХХ әсир қарақалпақ әдебияты” (2007) бойынша исленген сабақлық бирқанша методикалық машқалаларды өз ишине алады. [6]. Биринщиден, сабақлық авторлары бағдарламада берилген темаларды басшылыққа алмағаны сезилсе, екиншиден, киргизилген материаллар сабақлыққа қойылған талапларға жуўап бермейди. Ҳәрбир темаға таяныш сөзлер, жоба, сораў ҳәм тапсырмалар исленип шығылыўы керек еди. Бул сабақлық жүдә асығыс жазылғаны көринип тур. Сонлықтан бул сабақлықтан академиялық лицей оқытыўшылары ҳәм оқыўшылары жетерли пайдаланбай атыр. Буннан кейин усы сабақлықты қайта ислеп шыққанда көп жетискенликлерге ерискен болар еди. Және де академиялық лицейлер ушын арналған “Қарақалпақ халқының көркем аўызеки дөретпелери” (2010) бойынша исленген сабақлықта да бирқанша методикалық кемшиликлер ушырасады.[6].

Қарақалпақ әдебиятын оқытыў барысында оқыўшыларды терең билимге үйрететуғын, сабақта қарақалпақ әдебияты бойынша материалларды оқытыўда муғаллимлерден педагогикалық ҳәм методикалық шеберликлер талап етиледи. Ҳәрбир әдебият сабағы философия, тил билими, әдебияттаныў илими, тарийх, эстетика, педагогика, психология пәнлери менен байланыслы үйрениледи. [61.].

Қарақалпақ әдебияты пән бағдарламасында берилген материалларды техникалық ҳәм информациялық технологиялар арқалы үйрениў зәрүр. Буннан басқа радио, телевидение, аудио ҳәм видео материаллар

© 2022, CAJLPC, Central Asian Studies, All Rights Reserved 

Copyright (c) 2022 Author (s). This is an open-access article distributed under the terms of Creative Commons Attribution License (CC BY).To view a copy of this license, visit https://creativecommons.org/licenses/by/4.0/

Volume: 03 Issue: 10 | Oct 2022, ISSN: 2660-6828

әдебиятты оқытыўда басқа пәнлер менен байланысын тереңлестирип ҳәм әҳмийетли ўазыйпаны атқарады. Методист алым С.Матжановтың көрсеткениндей: "Бағдарлама ҳәм сабақлықларда берилген әдебияттың материаллары көркем өнер, тил билимине кириспе, қосық, эстетика, тарийх, кино өнери менен байланыслы дәрежеде мазмунын тапқан. Тарийхый темадағы шығармалар кино өнери менен байланысса, гөзленген нәтийжеге ериседи. Әдебий қаҳарманлардың характери, өз-ара байланыслары түсиндирилгенде этика ҳәм миллий идея, руўхыйлық пәнлери менен байланыспаса нәтийже болмайды. Бизиңше, мәселени солай қойыў керек, оқыўшылар теориялық билимсиз көркем шығарманы түсиниў, таллаў мүмкин емеслигин аңлап жетсин". Демек ҳәрбир пән тек өз нызамлылықлары менен жасамастан, басқа пәнлердеги имканиятларды есапқа алып, усы арқалы өз мүмкиншиликлерин және де кеңейтеди. Сол сыяқлы қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы әдебияттаныў, әдебият тарийхы, тил илими, тарийх, эстетика, педагогика, гуманитар пәнлери менен тығыз байланыслы өтиледи. Көркем әдебият дүньядағы ҳақыйқатлықты, илимий техникалық пәнлер түсиндире алмаған тәреплерин түсиндиреди [62.63.64.65.66.67.].

Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы әдебияттаныў илими, әдебият теориясы ҳәм әдебият тарийхы менен байланыслы үйретиледи. Әдебиятшы муғаллим әдебият теориясы, әдебий сыны ҳәм әдебият тарийхын билмей турып қарақалпақ әдебиятынан сабақ бериўи мүмкин емес. Бул тәжирийбе әмелиятта толық сыналған. Сонлықтан муғаллимниң теориялық билими ҳәм методикалық шеберлиги жоқары болыўы тийис. Қарақалпақ әдебиятын оқытыўда әдебияттаныў пәнине байланыстырып сабақ өтиў жүдә пайдалы. Мәселен, ерте дәўирде дөретилген мәдений ҳәм әдебий мийраслар дәслеп әдебият тарийхы пәнинен баҳасын алады. Көркем дөретпелер әдебий сын арқалы баҳаланады. Көркем шығарманың мазмуны ҳәм формасы, әдебияттың жәмийетлик турмыстағы орны, көркем әдебияттың өзине тән өзгешеликлери, жазыўшылардың шеберлиги ҳаққында мағлыўматлар әдебият теориясы арқалы түсиндириледи [68.69.70.].

Әдебиятты оқытыў методикасы тил билими менен тығыз байланыслы өтиледи. Әдебий тил көркем әдебияттың жанлы материалы болғанлықтан, жазыўшы көркем шығармадағы өзиниң тийкарғы идеяларын ашыўда, қаҳарманларды сыпатлаўда тилден пайдаланады. Әдебиятшы муғаллим сабақ өтиў барысында фонетикалық, морфологиялық, орфографиялық, синтаксислик қағыйдаларды тереңнен билип, көркем дөретпелердиң тилин үйрениўде олардың нызамлылықларын басшылыққа алыўы тийис. [71.].

Әдебиятшы муғаллим педагогика теориясын, тарийхын билмей турып, сабақ түрлеринен, оқытыў методларынан дурыс пайдалана алмайды. Сонлықтан сабақ барысында оқыў менен тәрбияның бир-бирине қатнасы, тәрбияның раўажланыўына байланыслы мәселелер муғаллимниң басшылығында үйрениледи ҳәм оқыўшының өз бетинше ислеўине мүмкиншилик жаратылады. Әдебиятшы муғаллим сабақ барысында оқыўшыларды мудамы педагогикалық ҳәм психологиялық жақтан бақлап барыўы зәрүр. Ҳәрбир оқыўшының характерин тереңнен билиўи тийис.

Әдебият сабағында бағдарламада берилген тарийхый материалларды оқытыўда тарийх пәни менен байланыслы үйрениледи. Усы көзқарастан қарақалпақ әдебиятын оқытыўда тарийхый мағлыўматларды, дәўирди байланыстыра алыўы тийис. Себеби әдебиятшы муғаллим тарийхты билмей турып, әдебият тарийхын билиўи мүмкин емес. Сонлықтан айырым көркем шығармалардың дөретилиў тарийхы, тарийхый дөретпеде берилген қаҳарманлардың образлары, онда сүўретленген ўақыя, ҳәдийселер, Жийен жыраў, Күнхожа, Әжинияз, Бердақ, И.Юсупов, Т.Қайыпбергеновлардың өмири ҳәм дөретиўшилигин тереңнен үйрениў ушын тарийх пәнин жетик билиўи керек. Сондай-ақ

© 2022, CAJLPC, Central Asian Studies, All Rights Reserved 

Copyright (c) 2022 Author (s). This is an open-access article distributed under the terms of Creative Commons Attribution License (CC BY).To view a copy of this license, visit https://creativecommons.org/licenses/by/4.0/

бағдарламада берилген қарақалпақ әдебияты тарийхына байланыслы мағлыўматларды билиўи ушын сол дәўирдиң тарийхын жақсы үйренип шығыўы тийис. Мәселен, Жийен жыраўдың «Посқан ел» поэмасын түсиндириў ушын XVIII әсирдеги тарийхый ўақыялар менен әдебиятшы муғаллим танысып шыққан болыўы керек. Ал, Күнхожа, Әжинияз, Бердақ дөретпелерин түсиндириў ушын дәслеп әдебиятшы муғаллим XIX әсирдеги қарақалпақ әдебияты тарийхын тереңнен үйренип шығыўы зәрүр. Нәтийжеде, оқыўшылардың бул материалларға түсиниги артып, тарийхый мағлыўматларға ийе болады. Сондай-ақ әдебият сабағы  география пәни менен байланыстырылып өтилсе,  сабақ қызықлы болады.

Әдебият бағдарламасында берилген әдебий материалларда географиялық атамалар көплеп ушырасады. Қарақалпақ әдебиятындағы ушырасатуғын тарийхый атамаларды оқыўшылардың билиўи үлкен әхмийетке ийе. Сабақ барысында бағдарламада берилген жазыўшылардың өмири, туўылған орнын, шығармаларында берилген тарийхый орынларды, аўыл, ел-халық ҳаққында атамаларды географиялық карта арқалы түсиндирип бериў оқыўшыларда қызығыўшылық пайда етеди. Бул жағынан география пәни менен тығыз байланасады. Бағдарламадағы берилген “Қырық қыз”, “Алпамыс”, “Мәспатша”, “Қоблан”, “Гөруғлы”, “Шәрьяр” дәстанларын оқытыў барысында оларда ушырасатуғын Түркстан, Саркоп, Хорезм, Бухара ҳ.т.б. тарийхый атамаларды географиялық карта арқалы оқыўшыларға түсиндириў тийис. Және де бағдарламадағы берилген Жийен жыраў, Күнхожа, Әжинияз, Бердақ, Өтеш, Омар ҳәм басқа да шайырлардың көркем дөретпелеринде ушырасатуғын жер-суў, аўыл, қала усаған тарийхый атамаларды географиялық карта менен түсиндирип сабақ өтиў оқыўшылардың әдебиятқа қызығыўшылығын арттырады. Мысалы: Күнхожа шайырдың “Жайлаўым” қосығында берилген:

“Ата журтым Түркстаннан келгели,

Ата-бабам қоныс басқан жайлаўым...

...Қамыс орып алтаў-жетеў орақлы,

Терис төбе, Узын қайыр жайлаўым.

...Ержан атаў менен шығысы Ырза,

Балық аўлап Тоқтас, Мантық бойынан...

Жайлаўым Жалайыр, Көпир ҳәм Бөгет,...

Әўел-ҳа өскеним Көк өзек бойы, ...

Көл саға, Айырша, Тербенбес теңиз,

Әсиресе Айыршада өскенбиз.”  Бул қосық қатарларында берилген Түркстан, Терис төбе, Узын қайыр, Ержан атаў, Тоқтас, Мантық бойы, Жалайыр, Көк өзек бойы, Айырша, Тербенбес усаған жер-суў, аўыл-ел атамаларын географиялық картадан оқыўшыларға көрсетиў биринשиден, шайырлардың туўылып өскен мәканын, жасаған орнын билсе, екиншиден, умытылып кеткен ата-бабамыздың жасаған орталығын тереңнен билип,  және де жаслардың халқының тарийхына, туўылған жерине түсиниги артып барады. Бул усылларды әдебият сабақларында өнимли пайдаланыў методикалық талаплардан есапланады [72].

Қарақалпақ әдебиятын оқытыў барысында математика пәни менен байланыстырып сабақ өтиў пайдалы методикалық усыллардың бири. Математикалық ойлаў - бул оқыўшылардың ой-өрисин,

© 2022, CAJLPC, Central Asian Studies, All Rights Reserved 

Copyright (c) 2022 Author (s). This is an open-access article distributed under the terms of Creative Commons Attribution License (CC BY).To view a copy of this license, visit https://creativecommons.org/licenses/by/4.0/

ақылын раўажландырады. Сонлықтан қарақлпақ әдебиятының талантлы сөз зергерлери математикалық мәселелерди көркем шығармаларда орынлы ҳәм шеберлик пенен пайдаланады. Мәселен, белгили шайыр Т.Жумамуратовтың “Қәсийетли гәўҳар тас ҳәм ақыллы шопан ҳаққында ертек” поэмасында математикалық мәселе берилген. Бундағы мақсет шопан үш баласының ақылын ҳәм ойлаў дәрежесин сынамақшы болып 17 малды кесирсиз бөлип алыўды тапсырады. Соннан үзинди келтирейик:

Он жети малды бөлиңиз,

Тийкарын сөздиң билиңиз,

Бәлким, мен өлип кетемен,

Тиримде бөлип кетемен,

Бар малды еки бөлиңиз,

Бирин үлкениң алыңыз,

Жасы он сегизге жетти.

Көмек берди, мийнет етти.

Бар малды үшке бөлиңиз,

Бирин ортаншың алыңыз,

Жасы он алтыға жетти,

Шамалы хызмет етти.

Бар малды тоғызға бөлиңиз,

Бирин кишиңизге бериң,

Жасы он екиден өтти,

Ержетсе етер хызметти,

Сизлер солайынша бөлиңизлер.

Ғаррының үш баласы әри ойланады, бери ойланады. Сирә дурыс бөлинбейди. Ақыры қазыға барады. Бирақ қазы да малларды дурыс бөле алмайды. Тек өзиниң пайдасын ойлап, малларды өзлестирмекши болады. Балалар оның бөлгенине қанаатланбайды. Буннан кейин Ақылбек деген баланың үйине излеп барады. Ақылбектиң усы жерде ақыллығы ҳәм әдиллиги көринеди. Ол мәселениң шәртине дурыс түсинип, малларды әдил бөлистиреди. Бундай математикаға байланыслы мысалларды бағдарламада берилген басқа да көркем материаллардан табыўға болады [62.63.64.].

Көркем әдебиятты оқытыў арқалы оқыўшыда жаңаша сезимлер пайда болып ҳәм олар тәрбияланып жетилиседи. Оларда эстетикалық сезимлер раўажланады. Эстетика - бул қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы менен өз-ара тығыз байланыслы. Сонлықтан, оқыўшылардың эстетикалық сезимлери көркем шығармаларды оқытыў арқалы қәлиплестирилип барылады. Бағдарламадағы

© 2022, CAJLPC, Central Asian Studies, All Rights Reserved 

Copyright (c) 2022 Author (s). This is an open-access article distributed under the terms of Creative Commons Attribution License (CC BY).To view a copy of this license, visit https://creativecommons.org/licenses/by/4.0/

берилген материаллар арқалы оқыўшыларда ўатанға сүйиўшилик, адамгершилик, жақсылық ҳәм гөззаллық сезимлери қәлиплеседи [66.67.].

Қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы философия илими менен тығыз байланысады. Бағдарламада берилген материаллар арқалы оқыўшыларға терең билим берип, олардың дүнья түсиниклерине болған көзқарасларын раўажландырамыз. Сонлықтан көркем әдебият дүньяны билиўдиң өзине тән тийкары. Көркем әдебият дүньяны ҳәр тәрепleme тәсирли ҳәм көркем етип сүўретлейды. Мәселен, Әжинияз, Бердақ, И.Юсупов, Т.Қайыпбергенов ҳ.т.басқалардың поэтикалық дөретпелерин оқытыў арқалы оқыўшылар санасында философиялық, эстетикалық, гөззаллық сыяқлы руўхый сезимлер қәлиплесип барады. Солай етип әдебиятты оқытыўда басқа пәнлер менен тығыз байланыстырылса әдебият сабағы сапалы ҳәм нәтийжели өтиледи [70.71.72.].

Бағдарламада берилген материалларды оқытыўдың мазмуны ҳәм формалары дурыс белгилениўи, өтилетуғын темалар оқыўшыларға анық ҳәм түсиникли жеткизилип берилиўи, усы темаларға арналған сабақлар басқа пәнлер менен тығыз байланыста оқытылыўы зәрүр. Сабақ барысында техникалық қураллардан орынлы пайдаланыў, ҳәрбир сабақ көрсетпели қураллар менен өтилиўи әдебиятшы муғаллимлердиң педагогикалық шеберлигине байланыслы болады. Сонлықтан ҳәрбир сабақ көрсетпели қураллар менен оқытылыўы, қойылған методикалық талапларға жуўап бериўи тийис.

Қарақалпақ әдебияты пәни бағдарламасында берилген материалларды конференция, пикирлесиў, лекция сабақ түрлери менен оқытыўдың нәтийжелери ҳәм өзгешеликлери анықланды. Усы сабақ түрлеринен пайдаланыўдың методикалық көрсетпелери берилди.

Улыўмаластырып айтқанда, қарақалпақ әдебияты бағдарламасы ҳәм сабақлығы биринен өзгешеленип турмай, дәслеп оқыў бағдарламасы сапалы дүзилип, эстетикалық, теориялық, методикалық талапларға жуўап беретуғын материалларды өз ишине қамтыўы ҳәм бағдарламада берилген ҳәрбир тема дүзилген сабақлықтың мазмунына киргилиўи тийис. Әдебият сабақларын философия, тил билими, әдебияттаныў, тарийх, география, эстетика, педагогика, философия, психология, математика пәнлери менен байланыстырып оқытыўдың әҳмийети ҳәм методикалық жақтан пайдалы тәреплери ашып көрсетилди.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**

1. Konis A. Yusupov. Studying Forms of Teaching Karakalpak Poetry at Academic Lyceums. Eastern European Scientific Journal. Germany. Ausgabe, 3-2018. 72-75.
2. Konis A. Yusupov. Studying Karakalpak Poetry in Academic Lyceums by Various Methods in Class. Eastern European Scientific Journal. (ISSN 2199-7977). Germany. Ausgabe, 1-2019. 83-85.
3. Юсупов К.А. Ш.Сейтов прозасын таллаў усыллары. (Методикалық қолланба). – Нөкис, «Miraziz Nukus», 2017. – 4 б.т. – 64 бет.
4. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде қарақалпақ әдебиятын сабақтан тыс жумыслар арқалы үйрениўдиң илимий методикалық мәселелери. (Методикалық қолланба). – Нөкис, «Miraziz Nukus», 2018. – 5 б.т. – 80 б.
5. Юсупов К.А. Qaraqalpaq ádebiyatın oqıtıw metodikası. Sabaqlıq. – Tashkent: Sano-standart, 2018. – 21 б.т. – 336 б.

© 2022, CAJLPC, Central Asian Studies, All Rights Reserved 

Copyright (c) 2022 Author (s). This is an open-access article distributed under the terms of Creative Commons Attribution License (CC BY).To view a copy of this license, visit https://creativecommons.org/licenses/by/4.0/

6. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде қарақалпақ әдебиятын оқытыў методикасы. Монография. – Нөкис: Qaraqalpaqstan, 2019. – 7 б.т. – 112 б.
7. Юсупов К.А. Академик лицейларда қорақалпоқ адабиётини ўқитиш методикаси (педагогика фанлари доктори (DSc) диссертацияси автореферати). – Нөкис, «Miraziz Nukus», 2021. – 4 б.т – 66 бет.
8. Юсупов К.А. Kórkem shıǵarmalardıń mazmunıń úyreniw metodikası. Oqıw qollanba. – Tashkent: Yosh avlod matbaa, 2021. – 23,75 б.т. – 380 б.
9. Юсупов К.А. Qánigelik hám pedagogikalıq ámeliyat. Oqıw qollanba.– Nókis: Ilimpaz, 2021. – 3.75 б.т. – 60 б.
10. Юсупов К.А. Халмурат Сапаров дөретиўшилик жолы. «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис, 1996. 3-4-саны, 54-60.
11. Юсупов К.А. Бердақ шығармаларын үйрениў усыллары. «Қарақалпақстан муғаллими» журналы, Нөкис, 1996. 1-2-саны, 12-15.
12. Юсупов К.А. «Айдос бий» дәстаны ҳәм тарийх. «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис, 2000. 2-саны, 94-96
13. Юсупов К.А. Ҳәзирги дәўир ҳәм Бердақ шайыр мийрасына көз қарас. «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис, 2001. 2-саны, 126-128.
14. Юсупов К.А. Ҳәзирги дәўир қарақалпақ әдебиятында Айдос бий образы. ӨзРИАҚҚБ «Хабаршысы» журналы, Нөкис, 2001. 5-саны, 130-131.
15. Юсупов К.А. Ҳәзирги дәўир қарақалпақ әдебиятында Айдос бий образының өзгешеликлери. ӨзРИАҚҚБ «Хабаршысы» журналы, Нөкис, 2001. 6-саны, 138-139.
16. Юсупов К.А. «Шырашылар» романының көркем психологизми. «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис, 2006. 6-саны, 112-115.
17. Юсупов К.А. XX әсирдеги қарақалпақ прозасында көркем психологизм мәселелери. «Муғаллим ҳәм үзликсиз билимлендириў» журналы, 2007, 4-саны, 11-15.
18. Юсупов К.А. Ишки монолог ҳәм шеберлик. «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис 2008. 1-саны, 113-116.
19. Юсупов К.А. Лирикалық прозада көркем психологизм. «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис 2008. 2-саны, 124-127.
20. Юсупов К.А. Жазыўшылардың дөретиўшилик шеберлигин үйрениў методикасы. ҚМУ хабаршысы, 2009, 3-4-санлар, 126-129.
21. Юсупов К.А. И.Юсуповтың «Ўатан топырағы» шығармасының мазмунын үйрениў. ҚМУ хабаршысы, 2009, 3-4-саны, 46-49.
22. Юсупов К.А. Қарақалпақ әдебиятын интерактив методлар менен оқытыў усыллары. ҚМУ хабаршысы, 2011, 1-2-саны, 58-60.
23. Юсупов К.А. Қарақалпақ лирикасын изертлеўши алымның дөретиўшилигин үйрениў. «Муғаллим ҳәм үзликсиз билимлендириў» журналы, 2012, 1-саны, 3-8.


© 2022, CAJLPC, Central Asian Studies, All Rights Reserved 

Copyright (c) 2022 Author (s). This is an open-access article distributed under the terms of Creative Commons Attribution License (CC BY).To view a copy of this license, visit https://creativecommons.org/licenses/by/4.0/

24. Юсупов К.А. «Академиялық лицейлерде И.Юсупов дөретиўшилигин лекция түрлери менен үйрениў усыллары». ҚМУ хабаршысы, 2012, 3-4-санлар, 30-32.
25. Юсупов К.А. Жазыўшылар дөретиўшилигин үйрениў усыллары. «Әмиўдәрья» журналы, Нөкис 2012. 4-саны, 115-118.
26. Юсупов К.А. Қонысбай Камалов-қарақалпақ прозасын изертлеўши алым. «Әмиўдәрья» журналы, 2014, 1-саны, 82-91.
27. Юсупов К.А. Әдилбай Қожықбаев-қарақалпақ әдебиятын изертлеўши. «Әмиўдәрья» журналы, 2014, 6-саны, 123-128.
28. Юсупов К.А. Әдебияттаныўда салмақлы орны бар алым. ҚМУ хабаршысы, №1, 2015, 132-136.
29. Юсупов К.А. Ш.Сейтов прозасында пейзаж ҳәм қаҳарман образын үйрениў мәселелери. ҚМУ хабаршысы, №2, 2015, 92-96.
30. Юсупов Қ. Оразбай Сәтбаев поэзиясының көркемлик өзгешеликлери. «Әмиўдәрья» журналы, №5, 2015, 77-87.
31. Юсупов К.А. Повыщение интереса учащихся к литературе на основе анализа художественных произведений. «Наука и Общество» журнал, №2 2018, стр.32-34.
32. Юсупов К.А. Изучение внеаудиторных работ по каракалпакской литературе в академических лицеях «Наука и Общество» журнал, №3 2018, стр.36-38.
33. Юсупов К.А. Әбдимурат Атажановтың дөретиўшилик устаханасы. «Әмиўдәрья» журналы, №5, 2018, 68-75.
34. Юсупов Қ. Толыбай Қабулов дөретиўшилигин үйрениў. «Әмиўдәрья» журналы, №3, 2019, 55-64.
35. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде драмалық шығармаларды интерактив технологиялар менен оқытыў // Муғаллим ҳәм үзликсиз билимлендириў. – Нөкис, 2019. – №6/1. – Б. 4-8 (13.00.00. №20).
36. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде Т.Қабуловтың өмири ҳәм лирикасын үйрениў // Ilim ha'm ja'miyet. Нукус давлат педагогика институти журнали. – Нукус, 2020. – №1. – Б. 106-110 (13.00.00. №3).
37. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде лирикалық шығармаларды таллаў // Қорақалпоқ давлат университети ахборотномаси. – Нукус, 2020. – №1. – Б. 181-184 (13.00.00. №13).
38. Yusupov K.A. Scientific and theoretical foundations of teaching Karakalpak literature at academic lyceums // Journal of Critical Reviews. (ISSN 2394-5125). – Vol 7, Issue 7, 2020. – №1. – P.P. 349-354
39. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде Т.Қайыпбергенов дөретиўшилигин оқытыў методикасы // Ilim ha'm ja'miyet. Нукус давлат педагогика институти журнали. – Нукус, 2020. – №2. – Б. 100-103
40. Yusupov K.A. Akademik litseylarda qoraqalpoq adabiyoti // Til va adabiyot ta'limi. – Тошкент, 2020. – №6. – Б. 40-41 (13.00.00. №8).


© 2022, CAJLPC, Central Asian Studies, All Rights Reserved 

Copyright (c) 2022 Author (s). This is an open-access article distributed under the terms of Creative Commons Attribution License (CC BY).To view a copy of this license, visit https://creativecommons.org/licenses/by/4.0/

41. Yusupov K.A. Methods of teaching literary material at academic lyceums according to the program // Academicia. An International Multidisciplinary Research Journal (India). (ISSN: 2249-7137). – Vol. 10 Issue 5, 2020. – P.P. 1628-1634 (Impact Factor: SJIF 2020= 7, 13).

42. Юсупов К.А. Академиялық лицейлерде прозалық шығармаларды таллаў //Қорақалпоқ давлат университети ахборотномаси. – Нукус, 2020. – №3. – Б. 304-308 (13.00.00. №13).

43. Юсупов К.А. Изучение художественных произведений в академических лицеях //Til va adabiyot ta’limi. – Тошкент, 2021. – №3. – стр. 78-80 (13.00.00. №8).

44. Yusupov K.A. Curricula for teaching karakalpak literature. // Academicia: An International Multidisciplinary Research Journal https://saarj.com. Academicia ISSN: 2249-7137 Vol. 11, Issue 5, May 2021, Стр. 1069-1074. Impact Factor: SJIF 2021 = 7.492, http://dx.doi.org/10.5958/2249-7137.2021.01525.1

45. Yusupov K.A. Scientific and methodological problems of studying karakalpak literature. //Asian Journal of Multidimensional Research (AJMR) https://www.tarj.in. ISSN: 2278-4853 Vol 10, Issue 5, May, 2021. Стр. 585-590. Impact Factor: SJIF 2021 = 7.699. 10.5958/2278-4853.2021.00451.1

46. Юсупов К.А. Изучение творчества Чингиза Айматова в академических лицеях //Til va adabiyot ta’limi. – Тошкент, 2021. – №7. – стр. 52-53.

47. Юсупов К.А. Научно-методических основы преподавания каракалпакской литературы. Internaional Scienfiic Jounal Theoretical & Applied Scieence p-ISSN: 2308-4944 (print) e- ISSN:2409-0085 (online) Year: 2021 Issue: 11. Pp. 362-371. http://T.Science.org.

48. Юсупов К.А Өсербай Әлеўовтың лирикасын үйрениў. «Әмиўдәрья» журналы, 2021, – №4, – Б. 63-68.

49. Юсупов К.А. Развитие устной культуры учащихся на уроках литературы // Til va adabiyot ta’limi. – Тошкент, 2022. – №1. – Б. 70-71 (13.00.00. №8).

50. Yusupov K.A. Umumiy o’rta ta’lim maktablarida qoraqalpoq adabiyotini o’qitish masalalari// Til va adabiyot ta’limi. – Тошкент, 2022. – №2. – Б. 17-18

51. Yusupov K.A. Teaching students the metods of artistic depiction in Karakalpak prose. // Journal of Hunan University (Natural Sciences). Vol. 49. No. 04. April 2022. Page - 590-603. https://johuns.net/index.php/abstract/361.html

52. Yusupov K.A. Methods of selection of Karakalpak Novels. // Journal of Positive School Psychology. (Scopus) Volume. 6, No. 4 (2022). Page - 7152-7159.

53. Yusupov K.A. Learning Discussing the Epic Novels. // Eurasian Journal of Learning and Academic Teahing. Volume 7 I March 2022. Page - 26-30. ISSN: 2795-739X.

54. Юсупов К.А. Обучение основам письменной речи учащихся. // «PEDAGOGS» innernational research journal. Volume-7, Issue-1, April-2022. – Стр.176-181.

55. Yusupov K.A. Theortical foundations of teaching Karakalpak literature. // GALAXY international interdisciplinary research journal (GIIRJ). ISSN (E): 2347-6915. Vol. 10, Issue 5. May, (2022). PP. – 210-216.

© 2022, CAJLPC, Central Asian Studies, All Rights Reserved 

Copyright (c) 2022 Author (s). This is an open-access article distributed under the terms of Creative Commons Attribution License (CC BY).To view a copy of this license, visit https://creativecommons.org/licenses/by/4.0/

56. Yusupov K.A. Qoraqalpoq adabiyotini úqitish masalalari // Journal of new century innovations. (WSRjournal.com), Volume - 5, Issue - 6. May, (2022). PP. – 113-122.
57. Юсупов К.А. Изучение произведений писателя на уроках литературы . // Международный научно-образовательный журнал «Образование и наука в XXI веке». Выпуск №26 (том 4), май, 2022. – Стр. 196-201..
58. Yusupov K.A. Methodologu for analyzing iyrical works in literature lessons. // Miasto Przysztoģci. (Impact Factor: 9.2). Vol. 26 (2022). Page - 200-208. ISSN: 2544-980X.
59. Юсупов К.А. Изучение творчества С.Мажитова в школе. //V Международный журнал научных исследований «Научный импульс». Выпуск №1 (том 1), 30 август, 2022. – Стр. 44-50.
60. Юсупов Қ. Бердақ шығармаларын үйрениўде конференция сабақ түринен пайдаланыў. Түркий халықлар әдебиятының гейпара мәселелери ( Илимий мийнетлер ), Нөкис-2004. –Б. 30-32.
61. Юсупов Қ. Конфликт қаҳарманлар минез-қулқын ашыўдың негизи. Журналистика ва адабиёт: кеча ва бугун. (Илмий мақолалар тўплами), 1-қисм. Т. : «Юрист –медиа маркази», 2008. 44-47.
62. Юсупов Қ. Прозада миллий психологияның сәўлеси. Журналистика ва адабиёт: кеча ва бугун. (Илмий мақолалар тўплами), 2-қисм. Т. : «Юрист –медиа маркази», 2008. 148-150.
63. Юсупов Қ. Академик лицейларда Ажиниёз лирикасини ўқитишда кластер методини қўллаш. «Педагог кадрлар малакасини ошириш ва уларни қайта тайёрлашнинг замонавий шаклларини жорий этиш муаммолари», (Илмий –амалий конференцияси материаллари), Тошкент, 2009. 284-285.
64. Юсупов Қ. Академик лицейларда Ажиниёз лирикасини ўқитишда бурчаклар методи билан ўрганиш. «Олий ва касб-хунар таълими тизимида профессор-ўқитувчиларнинг малакасини ошириш жараёнини такомиллаштириш муаммолари», (Илмий –амалий семинар материаллари), Бухоро, 14-15-май, 2009. 133-136.
65. Юсупов Қ. Көркем шығармалардың мазмунын үйрениў методикасы. Миллий идентивлик ва оммавий ахборот воситалари. (Илмий мақолалар тўплами), Т. «Юрист –медиа маркази», 2009. 48-51.
66. Юсупов Қ. И.Юсупов поэзиясын оқытыў усыллары. «НМПИ илим билимлендириў ҳәм тәрбия мәселелерин раўажландырыўдағы орны», (Республикалық илимий-теориялық конференция материаллары), Нөкис, «Қарақалпақстан», 2010, 185-187.
67. Юсупов К.А. Әдебияттаныў илиминиң жан күйери еди… Илим ҳәм әдебияттың машақатлы жолларында. (илимий-әдебий ҳәм еске түсириўлер), Нөкис, 2012, 70-73.
68. Юсупов К.А. «Т.Қайыпбергеновтиң «Қарақалпақ қызы» романында пейзаж ҳәм қахарман образы». Ҳәзирги филология илимлериниң әҳмийетли мәселелери. (Республикалық илимий-теориялық конференциясы мақалалар топламы, 1-бөлим), 2013жылы, 76-80.
69. Юсупов К.А. Айдос деген уллы киси. (Бердақ миллий мәдениятымыздың байтереги. Илимий топлам, Нөкис, Билим, 2013, 24-26.)

© 2022, CAJLPC, Central Asian Studies, All Rights Reserved 

Copyright (c) 2022 Author (s). This is an open-access article distributed under the terms of Creative Commons Attribution License (CC BY).To view a copy of this license, visit https://creativecommons.org/licenses/by/4.0/

Volume: 03 Issue: 10 | Oct 2022, ISSN: 2660-6828

70. Юсупов К.А. Әдилбай Қожықбаев-қарақалпақ әдебиятын изертлеўши. « Әдебиятшы - алым ҳәм устаз » ҚМУ, Нөкис, 2014, 125-133.
71. Юсупов К.А. Әжинияз шайырдың лирикасын оқытыўда интерактив методлардың қолланылыўы. «Қарақалпақ әдебиятының жарық жулдызлары». (Илимий мақалалар топламы). Нөкис, «Қарақалпақстан», 2015, 42-46.
72. Юсупов К.А. Т.Қайыпбергеновтың «Тәнҳә өзиңе мәлим сыр» повестинде қаҳарман образын жасаў усылы. «Қарақалпақ әдебиятының жарық жулдызлары». (Илимий мақалалар топламы). Нөкис, «Қарақалпақстан», 2015, 42-46.

© 2022, CAJLPC, Central Asian Studies, All Rights Reserved 

Copyright (c) 2022 Author (s). This is an open-access article distributed under the terms of Creative Commons Attribution License (CC BY).To view a copy of this license, visit https://creativecommons.org/licenses/by/4.0/